

Kijan Vaksen Vektè Viral COVID-19 yo Fonksyone

Konprann viris ki lakòz COVID-19 la.

Tankou kowonaviris ki lakòz COVID-19 la, yo rele yo kowonaviris poutèt pwent yo gen ki tankou kouwòn sou sifas yo, ki rele **pwoteyin spike (pwent)**. **Pwoteyin pwent** sa yo se sib ideyal pou vaksen yo.

Kisa yon vaksen vektè viral ye?

Yon vaksen vektè viral itilize yon vèsyon viris diferan ki san danje, ki rele yon "vektè" pou delivre enfòmasyon bay kò a ki ede l pwoteje ou.


Kijan vaksen an fonksyone?

Vaksen an aprann kò ou fason pou fè kopi **pwoteyin pwent yo**. Si ou ekspoze ak viris reyèl la pita, kò ou ap rekonèt li epi konnen kijan pou konbat li.



+ Vaksen an PA gen ladan l viris ki lakòz COVID-19 la epi li pa kapab ba ou COVID-19. Li pa kapab fè ou malad nonplis avèk viris ki itilize kòm vektè a. Li pa kapab chanje ADN ou nan okenn fason.

+ Lè kò ou reyaji ak vaksen an, sa kapab lakòz pafwa fatig, maltèt, doule nan misk, kèplen, oswa lafyèv lejè. Sa yo se siy nòmal ki endike vaksen an ap ajì.



PRAN VAKSEN AN?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo, ale nan [cdc.gov/coronavirus/vaccines](https://www.cdc.gov/coronavirus/vaccines).

